



# Admisiblite kontini

## Kisa admisiblite kontini ye?

Admisiblite kontini (Continuous Eligibility, CE) se yon peryòd tan kote sèten manm MassHealth p ap pèdi kouvèti endepandan de anpil chanjman ki ta otreman aji sou admisiblite.

CE se yon zouti enpòtan ki ede eta yo asire manm sa yo gen aksè konstan nan sèvis swen medikal yo bezwen epi yo rete enskri nan kouvèti medikal yo admisib pou li a.

## Kilès ki admisib pou CE?

### • Manm ki te ansent resaman :

Founi 12 mwa CE bay manm apre fen yon gwosès ;

**Asire ou kite MassHealth konnen ou ansent pou w resevwa kouvèti sa a.**

### • Manm ki resaman libere nan prizon :

Founi 12 mwa CE bay moun ki gen ant 19-64 an lè yo libere nan prizon pandan premye ane a apre moun lan tounen nan kominote a ;

### • Manm ki pi jèn pase 19 an :

Founi 12 mwa CE bay manm ki pi jèn pase 19 an ;

### • Manm ki verifye pou yo sanzabri :

Founi 24 mwa CE bay moun majè ki verifye pou yo sanzabri e moun majè ki gen ant 10-64 an. Manm MassHealth "verifye pou sanzabri" si yo nan sistèm enfòmasyon pou jesyon moun sanzabri nan Massachusetts (Massachusetts Homeless Management Information System) pandan sis mwa oubyen plis.

## Ki benefis ki gen nan CE?

- Amelyore eta sante e byennèt nan tan kout e pou anpil tan ;
- Diminye risk pou gen enpak negatif lè revni familyal chanje yon jan ki pa t atann ;
- Favorize ekite nan sante ;
- Favorize efikasite depans pou swen medikal ;
- Diminye chay e frè administratif ;
- Ogmante abilite MassHealth pou l pi byen mezire kalite swen yo ; epi
- Founi eta yo pi bon zouti pou kenbe plan medikal yo responsab pou bon kalite epi fè pwogrè nan rezilta sou sante.

## Kilè CE fini?

Manm ki gen CE ap rete kouvri pantan tout peryòd admisiblite yo a kèlkeswa chanjman ki genyen, eksepte si admisiblite orijinal la pa t byen detèmine oubyen si manm lan pa nan laj ankò, manm lan mouri, manm lan al abite nan yon lòt eta, oubyen li anile demann lan.

## CE se yon benefis endividyèl!

CE aplike bay yon moun endividyèl men pa pou tout kòkay moun lan.

Manm kòkay ki pa gen CE dwe pou kontinye fè rapò sou chanjman, reponn tout demann enfòmasyon, epi fè renouvèlman e tout lòt demann MassHealth fè osinon manm lan ka pèdi kouvèti li a.

## Èske w vle poze kesyon?

Sonnen MassHealth nan **(800) 841-2900**, TDD / TTY : 711.  
Gen reprezantan ki disponib lendi jouk vandredi, ant 8:00 a.m. – 5:00 p.m.